



**ID Valid ki gen Foto ak Prèv Sitwayènte  
(Sitizenn) oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan  
(Kat Rizidans) pou Aplikasyon an**



- Lisans oswa Kat Idantifikasyon ki konfòm ak Lwa REAL ID a; OSWA
- Ak de Nesans Ameriken avèk ID Gouvènman Bay ki Gen Foto; OSWA
- Paspò Ameriken; OSWA
- Kat Rezidans ('Grin Kat') oswa Sètifika Natiralizasyon avèk ID Gouvènman Bay ki gen Foto

**Si sa aplikab, yo dwe bay Asosyasyon  
Pwopriyete a oswa Otorite Lojman Piblik la**

- Rezolisyon konsèy administrasyon oswa ajans ki otorize yo soumèt aplikasyon an ak otorizasyon reprezantan ki siyen an
- Si sa aplikab, Règleman Asosyasyon Pwopriyete a

**Enfòmasyon Espesifik sou Lokatè a**

- Akò Lokasyon/Lwaye Lokatè yo ki aktyèlman an vigè pou tout inite ki gen moun ladan yo
  - ID Valid ki gen Foto ak Prèv Sitwayènte (Sitizenn) oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) pou chak lokatè ki gen non yo nan akò lokasyon/lwaye yo (Kat Idantifikasyon ki konfòm ak Lwa REAL ID a, Ak de Nesans Ameriken avèk ID Gouvènman Bay ki Gen Foto, Paspò Ameriken, Kat Rezidans ('Grin Kat') oswa Sètifika Natiralizasyon avèk ID Gouvènman Bay ki gen Foto)
- Si sa aplikab, fwaye ki gen lokatè ki te demenaje soti Pòtoriko oswa Zile Vyèj Ameriken yo k ap vin abite nan Florid yon fason pèmanan, dwe bay kat idantifikasyon Gouvènman ba yo ansanm ak dokiman ki gen non lokatè a ak ansyen adrès kote l te rete swa Pòtoriko oswa nan Zile Vyèj Ameriken yo (pa egzanp, bòdwa sèvis piblik (kouran, dlo, fatra, abònman televizyon, telefòn fiks, elatriye), relve kont bankè, Kat Elektoral).
- Si sa aplikab, fwaye ki gen timoun ki gen mwens ke 18 tan yo bay:
  - Ak de nesans, Paspò Ameriken oswa ID Eta bay pou omwen yon (1) timoun
    - Si sa aplikab, manm fwaye andikape, bay (1) youn (1) nan opsyon ki annapre yo:

- Atestasyon Andikap Sekirite Sosyal, Lèt doktè ki deklare aplikan kalifye kòm yon moun ki andikape, Fòmilè Verifikasyon Andikap la

**Prèv ou se Pwopriyete a**

Estrikti ki Konstwi nan Fason Tradisyonèl yo

Prèv ou se Pwopriyete a dwe date nan moman Ouragan Irma a (10 septanm 2017) epi se ou ki toujou rete pwopriyete a jiskaprezan.

- Kopi Dosye Taks Pwopriyete pou Ane 2017 la (li dwe gen prèv ou te fè peman/dosye taks yo ladan)

Si nou paka verifye pou kiyès pwopriyete a ye apati de dosye taks 2017 la, n ap egzije w bay youn (1) nan sa ki annapre yo:

- Ak Garanti
- Tit an Fyèf Senp
- Domèn Vyaje/Fidisi
- Enterè abay pou 99 an antake lokatè a
- Òdonans tribinal/Jijman tribinal
- Prèv Ipotekè - (nou ka sèlman itilize l ansanm ak lòt dokiman ki montre ke se ou menm ki pwopriyete a - li dwe date nan moman tanpèt la te frape a)

▪ Ak Don Estrikti Lojman Fabrike/Mobil yo

Prèv ou se Pwopriyete a dwe date nan moman Ouragan Irma a (10 septanm 2017) epi se ou ki toujou rete pwopriyete a jiskaprezan.

- Kopi Dosye Taks Pwopriyete pou Ane 2017 la (li dwe gen prèv ou te fè peman/dosye taks yo ladan)

Si nou paka verifye pou kiyès pwopriyete a ye apati de dosye taks 2017 la (dwe presize amelyorasyon nan Kay Mobil oswa Kay Fabrike), n ap egzije w bay youn (1) nan opsyon ki annapre yo:

- Atestasyon Tit la
- Kontra Vant lan
- Atestasyon Anrejistreman an
- Atestasyon Peman Lajan Kach (avèk verifikasyon nan men yon tyès pati ki date avan evènman Ouragan Irma a)

Si estrikti a sitiye sou yon tèren kote se pa aplikan ki mèt tèren an (tankou, yon tèren yo lwe), aplikan an dwe soumèt prèv ke yo ka enstale nenpòt estrikti ranplasman pwogram lan bay sou tèren sa ki pa pou yo a.

**Ajou nan tout Obligasyon Prè yo**

- Kopi relve ipotekè oswa prè a



**Dokiman ki pwouve revni nan tout Inite Lojman ki gen Lokatè Ladan yo**

(Chak Lokatè ki se Responsab Fanmi an dwe ranpli yo)

- Fòmilè Ankèt sou Fwaye pou chak inite ki gen moun ladan yo; AK
- Deklarasyon taks sou revni ki pi resan yo (IRS 1040, 1040A oswa 1040EZ) ki siyen epi yo te soumèt; OSWA
- Dokiman ki Pwouve Revni w:
  - Salè/Peman alè: Talon chèk pou 3 dènye mwa ki sot pase yo OSWA deklarasyon anplwayè w siyen ki di peman alè ak frekans peman an (konbyen fwa w touche lemwa).
  - Si w resevwa Avantaj piblik yo: Lèt ki dekri avantaj sekirite sosyal oswa andikap, retrèt, SSA (Administrasyon Sekirite Sosyal), TANF (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo), pansyon ak rant aktyèl yo (li dwe gen ladan kantite lajan avantaj la ye a).
  - Alokasyon Chomaj: Lèt oswa yon deklarasyon enprime ki dekri avantaj aktyèl yo (li dwe gen ladan kantite lajan avantaj la ye a)

**Prèw Domaj ak Enfòmasyon sou Avantaj yo**  
(Bay tout sa ki aplike yo)

- Enfòmasyon sou reklamasyon Asirans lan
- Lèt atribisyon FEMA a
- Lèt atribisyon SBA a (Asosyasyon Ti Biznis lan)
- Sètifikasyon Domaj yo

**Sètifikasyon ak Otorizasyon**

- Fòmilè Konsantman ak Fòmilè Pataj Enfòmasyon Pèsonèl
- Sètifikasyon Rekonesans Fwòd Konsènan Fo Deklarasyon Oswa Deklarasyon Twonpez
- Fòmilè Pèmi Dwa Dantre (ROE)
- Si sa aplikab, Sètifikasyon Ranplasman nan men Mèt Kay/Mèt Pworpiyete a pou estrikti ranplasman ki sou tèren ki pa pou aplikan an.

**Prèw Tout Asirans ki Kouvri Pwopriyete ki te Sibi Domaj la yo**

Si yon aplikan te gen yon asirans kont risk (dife, van, elatriye) ak/oswa asirans pou inondasyon nan moman Ouragan Irma te frape a, li dwe bay yon kopi rezime reklamasyon an (ki dekri peman estriktirèl vs. kontni yo) ki gen ladan dat reklamasyon an te fèt la, non aplikan an, adrès rezidans ki te sibi domaj la ak montan nè reklamasyon an.

- Nimewo Politik Asirans kont Risk la
- Nimewo Politik Asirans pou Inondasyon an

**Enfòmasyon Itil:**

- Lis sa gen ladan dokiman ki nesèsè pou w ranpli aplikasyon w lan.
- Apre ou premye soumèt aplikasyon w lan, yon Espesyalis Rekonstwi Florid pral konseye w pou nenpòt dokiman obligatwa ou bezwen anplis.
- Gen sèvis tradiksyon ki disponib atravè Sant Rekonstwi Florid la yo (ki Ouvri Lendi-Samdi 9am-5pm)
- W ap ka voye kesyon yo nan [RebuildFlorida@deo.myflorida.gov](mailto:RebuildFlorida@deo.myflorida.gov)
- Tout dosye yo dwe date mwa Out oswa Septanm 2017, mwa ki vini avan oswa nan mwa Ouragan Irma te frape a epi yo dwe gen menm non ak menm adrès ak pwopriyete ki te sibi domaj ki sou aplikasyon an.
- Yo pral verifye tout enfòmasyon w soumèt bay pwogram lan yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou pwogram lan yo, vizite [www.RebuildFlorida.gov](http://www.RebuildFlorida.gov)

Enfòmasyon yo gendwa chanje. Dènye Revizyon: 1ye Oktòb 2019.